



EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN

Gid pou Konnen Antesedan Medikal Fanmi Ou

Ou menm ak fanmi ou gen anpil bagay nou pataje ansanm. Gen kèk ladan yo ou kapab wè sou deyò, tankou koulè je, wotè, ak



koulè po ou. Gen lòt bagay ou pa kapab wè. Nou pataje jèn ak gwoup sangen tou. Tout sa ou pataje avèk fanmi ou kapab afekte sante ou.

Lè w konnen sa ou pataje avèk fanmi ou, sa ap ede ou konprann sa ou kapab fè pou w an sante. Sid sa a ap pèmèt ou fè sa.

Klike sou onglè anba a pou ka:

- Aprann sa yon antesedan medikal fanmi ye ak rezon ki fè

li enpòtan.

- Jwenn konsèy sou fason pou mande fanmi w enfòmasyon ou bezwen an.
- Jwenn fèy travay ki pou ede w ekri antesedan medikal fanmi ou.

Enfòmasyon ki nan fen gid sa a ap ede w deside sa pou w fè avèk enfòmasyon ou aprann yo. Si w ap gade resous sa a sou yon aparèy mobil, w ap bezwen ekran an glise adwat pou w wè tout onglè yo.

1. Kisa li ye?

Lè w dekouvri antesedan medikal fanmi ou, li enpòtan pou ou menm, pitit ou yo, ak pwofesyonèl swen sante ou yo.

Anvan ou kòmanse, li bon pou w konprann sa yon antesedan medikal fanmi ye. Li bon tou pou w konprann divès rezon ki fè enfòmasyon sa yo itil.

Kisa yon antesedan medikal fanmi ye?

Antesedan medikal fanmi ou se yon lis pwoblèm sante moun nan fanmi ou genyen. Epitou, li gen ladan l lòt enfòmasyon sou ou menm ak fanmi ou yo, tankou:

- Ras ak orijin etnik ou.

- Kote ou rete.
- Sa ou fè kòm travay.
- Abitid ki kapab chanje sante ou.

Jèn ou yo ak aktivite w fè chak jou afekte sante ou.

Antesedan medikal fanmi ou kapab fè w dekouvri pwoblèm sante ou ka eritye (pwoblèm paran w yo transmèt ou). Men sa li endike:

- Kote fanmi w soti.
- Fason fanmi ou viv, travay, ak jwe.

Pa egzanp, si w soti nan yon ras Juif Achkenaz, gendwa gen chanjman ki fèt (mitasyon oswa varyant) nan jèn BRCA a. Sa kapab ogmante risk pou genyen kèk kansè, tankou kansè tete, kansè pwostat, kansè nan pankreyas, ak kansè nan ovè.

Poukisa li enpòtan pou w konnen antesedan medikal fanmi ou?

Lè ou konnen antesedan medikal fanmi ou, sa kapab ede w rete an sante! Se yon mwayen pou konnen risk ou genyen pou gen pwoblèm sante. Gen kèk pwoblèm sante se paran ki transmèt yo bay pitit yo. Gen lòt ki kapab gen rapò ak bagay ou pataje avèk fanmi ou yo, tankou manje ou manje ak kote ou rete.

Lè ou konnen antesedan medikal fanmi w, ou ka deside mennen yon mòdvi ki pi bon pou sante ou.

“Antesedan medikal fanmi ou se enfòmasyon enpòtan pou w pataje avèk ekip k ap ba w swen an. Nan MSK, nou konte sou antesedan medikal fanmi yo pou nou konnen si ou menm ak pitit ou yo bezwen depistaj oswa tès jenetik. Sa kapab pèmèt nou detekte pwoblèm sante ak risk pou gen kansè bonè lè nou kapab trete yo oswa anpeche yo”.

E si ou pa konnen fanmi ou?

Si ou pa konnen fanmi ou, kòmanse fè antesedan medikal fanmi ou avèk tèt ou. Ou kapab mete enfòmasyon ki manke yo ofiyamezi w ap jwenn plis enfòmasyon avèk tan k ap pase. Kontakte moun ou konnen yo. Si ou se timoun yo te adopte, li enpòtan pou w jwenn enfòmasyon sou sante paran byolojik ou yo. Pale avèk paran adoptif ou yo oswa kontakte ajans yo te travay avèk li a.

Men kèk fason pou w jwenn enfòmasyon si ou pa konnen fanmi ou:

- Fè rechèch sou entènèt avèk yon sitwèb jeneyaloji, achiv bibliyotèk ki nan zòn ou an, oswa [Achiv Nasyonal](#). Ou kapab jwenn done resansman, atik jounal, anons nesans, ak anons lanmò.
 - Ou ka bezwen èd pou w jwenn enfòmasyon ki fyab

sou entènèt. Nou genyen **resous sa a** ki disponib pou ede w.

- Ale nan biwo **gouvènman yo ki nan Eta oswa zòn kote w ap viv la** pou mande wè rejis eta sivil yo. Batistè, ak maryaj, epi ak desè yo tout se rejis eta sivil.

2. Kisa li genyen ladan l?

Antesedan medikal fanmi ou kapab gen anpil detay ladan l. Ou ta dwe kòmanse mande ki pwoblèm sante moun nan fanmi ou te genyen epi ou note yo. Anviwònman ou ak abitid ou genyen chak jou fanmi ou pataje afekte sante ou tou. Yon antesedan medikal ki konplè gen enfòmasyon sou anviwònman kote ou rete, travay, jwe, ak grandi.

Pwoblèm sante pou mete nan antesedan medikal fanmi ou

Mande fanmi yo si yo pa t janm fè yo konnen yo te souffri youn nan pwoblèm sante sa yo:

<ul style="list-style-type: none"> • Maladi Ayzaymè • Kansè • Mikovisidoz • Depresyon oswa kè sou biskèt • Dyabèt (Tip 1 ak Tip 2) • Sendwòm jenetik. Pami kèk egzanp genyen Sendwòm Lynch oswa sendwòm neyoplazi andokrinyen miltip • Pwoblèm sante • Kolestewòl wo 	<ul style="list-style-type: none"> • Tansyon wo (ipètansyon) • Pwoblèm nan poumon, tankou opresyon oswa maladi pilmonè obstriktif kwonik (chronic obstructive pulmonary disorder, COPD) • Sante mantal • Obezite • Maladi Parkinson • Polip • Anemi falsifòm • Estwòk
--	---

Faktè ki gen rapò ak mòdvi pou mete nan antesedan medikal fanmi ou

Fanmi yo pataje kèk jèn ansanm, men yo pataje kèk anviwònman, abitud, ak mòdvi ki sanble. Lè w konnen faktè sa yo, sa kapab ba ou kèk ide ki pou ede w konnen pwoblèm sante ou kapab pran nan men yo. Epitou, yo kapab afekte sante ak byennèt fanmi ou. Men yon lis faktè ki enpòtan pou konnen antesedan medikal fanmi ou:

- Peyi oswa rejyon kote fanmi ou yo soti.
- Kote yo te viv (gran vil ak ti vil).
- Abitud manje ak rejim.
- Djòb ak kalite travay.

- Si yo abitye fimen oswa konsome lòt fòm tabak.
- Si yo abitye konsome alkòl oswa dwòg.

3. Kijan mwen kapab fè l?

Ou pare pou kolekte enfòmasyon pou ka fè antesedan medikal fanmi ou! Genyen 5 etap pou suiv pou ka fè antesedan medikal fanmi ou. Li chak etap ki nan paj sa a, apres konplete 3 fèy travay sa yo. Klike sou lyen ki anba yo pou w louvri, telechaje, oswa enprime fèy travay yo. Kòmanse fè antesedan medikal

Ya está listo para recopilar sus antecedentes médicos familiares. Hay 5 pasos para elaborar los antecedentes médicos familiares. Lea cada paso que aparece en esta página y luego complete estas 3 planillas. Haga clic en los enlaces a continuación para abrir, descargar o imprimir las planillas. Comience sus antecedentes médicos familiares Hable con su familia Escriba sus antecedentes médicos familiares

Ou pare pou kolekte enfòmasyon pou ka fè antesedan medikal fanmi ou! Genyen 5 etap pou suiv pou ka fè antesedan medikal fanmi ou. Li chak etap ki nan paj sa a, apres konplete 3 fèy travay sa yo. Klike sou lyen ki anba yo pou w louvri, telechaje, oswa enprime fèy travay yo. Kòmanse fè antesedan medikal

Ou pare pou kolekte enfòmasyon pou ka fè antesedan medikal fanmi ou! Genyen 5 etap pou suiv pou ka fè antesedan medikal fanmi ou. Li chak etap ki nan paj sa a, apres konplete 3 fèy travay sa yo. Klike sou lyen ki anba yo pou w louvri, telechaje, oswa enprime fèy travay yo. Kòmanse fè antesedan medikal

Si
w
ap

fanmi
ouPale avèk
fanmi ouEkri
antesedan
medikal
fanmi ou

fanmi
ouPale avèk
fanmi ouEkri
antesedan
medikal
fanmi ou

fanmi
ouPale avèk
fanmi ouEkri
antesedan
medikal
fanmi ou

Ou pare pou kolekte enfòmasyon pou ka fè antesedan medikal fanmi ou! Genyen 5 etap pou suiv pou ka fè antesedan medikal fanmi ou. Li chak etap ki nan paj sa a, apres a konplete 3 fèy travay sa yo. Klike sou lyen ki anba yo pou w louvri, telechaje, oswa enprime fèy travay yo. Kòmanse fè

itilize pwòp òdinatè pa w, ou kapab tape enfòmasyon ou jwenn yo sou fèy travay yo. Sou yon tablèt oswa aparèy mobil, ou ka oblije anrejistre fèy travay yo dabò sou aparèy ou a anvan w tape enfòmasyon yo.

Èske ou prefere plim ak kreyon? Ou kapab enprime fèy travay yo pou w ranpli yo sou papye. Pa bliye konsève antesedan medikal fanmi w lan yon kote ki an sekirite.

5 etap pou suiv pou w ka fè antesedan medikal fanmi ou

Pou w ka kòmanse fè antesedan medikal fanmi ou, fè yon lis ki gen tout moun ou konnen nan fanmi ou.

antesedan
medikal
fanmi
ouPale avèk
fanmi ouEkri
antesedan
medikal
fanmi ou

Ekri non moun ki plis gen lyen parantay ak ou yo:	Après ajoute:
<ul style="list-style-type: none">• Non pa w• Non paran w yo• Non frè w ak sè w yo• Non pitit ou yo• Non gran paran w yo	<ul style="list-style-type: none">• Non demi frè ak demi sè w yo• Non nyès ou yo ak neve w yo• Non matant ou yo ak tonton w yo• Non kouzen w yo ak kouzin ou yo

2. Chèche konnen si gen yon moun ki konnen dosye fanmi an epi ki renmen rakonte istwa sou fanmi an. Fanmi w yo kapab yon bon sous enfòmasyon. Reyinyon fanmi, fas-a-fas oswa anliy, se yon okazyon pou pale sou lavi fanmi w yo ak sante yo.

3. Kòmanse pale avèk fanmi ou.

- Di yo poukisa ou vle kolekte enfòmasyon pou fè antesedan medikal fanmi an. Lè moun yo konnen rezon ki fè w vle fè li, yo ka pi enterese ba w koutmen.

Men sa ou kapab di: “mwen ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou antesedan medikal fanmi nou. Sa kapab pèmèt nou konnen si genyen pwoblèm sante nou ka eritye akòz lyen familyal nou. Gen posiblite pou nou diminye risk pou n gen pwoblèm sante sa yo”.

- Mande fanmi w yo ki fason yo ta renmen pale sou antesedan medikal yo. Gen moun ki renmen pale fas-a-fas. Gen lòt moun ki ka renmen reponn kesyon nan telefòn oswa nan imèl. Pa bliye, li nòmal si gen kèk moun ki pa vle pale de sante yo.

4. Poze kesyon ki kout, ouvè ki pa mande repons “wi” ou “non”. Kesyon ki ouvè yo kapab pèmèt ou fè yon konvèsasyon ki pi serye.

- Ou ka aprann lòt enfòmasyon, tankou jan pwoblèm sante yo rechite nan fanmi an. Ou ta kapab menm dekouvri enpak anviwònman, mòdvi, ak istwa sosyal fanmi ou te genyen sou sante yo. Lis sa a ki anba a se jis yon kote pou kòmanse.
- Gras ak fèy travay nou an, ou kapab note pwòp kesyon pa ou.



What do you know about where our family is from?



What kinds of jobs have people in our family had?



Are there health problems people in the family have in common?



Is there a history of cancer in our family?



Did you have any health problems or illnesses as a child that needed medical care?



Have you or any of our family members been screened or had genetic testing done for a health condition?



Tell me about the foods the family typically eats?



Does anyone in the family smoke or use tobacco, or have they in the past?



What special meals and holidays do you remember celebrating as a child?



I understand this topic can be difficult to talk about. Can you share if anyone in our family had a history of alcohol or drug use?

Imaj 1: Egzanp kesyon ki ouvè.

5. Anrejistre enfòmasyon ou aprann yo!

Ekri antesedan medikal fanmi ou

Aprè ou fin pale avèk fanmi w yo, ou kapab rasanble tout enfòmasyon yo gras ak fèy travay nou an.

- Ekri non tout fanmi ou konnen ak fanmi ou te vin gen enfòmasyon sou yo.
- Note sèlman pwoblèm sante fanmi ki gen lyen parantay ak ou yo genyen.
- Pa mete pwoblèm sante fanmi ki gen lyen maryaj, lyen adopsyon ak ou yo, ni fanmi ki chwazi w la.
 - Pa egzanp, si w gen yon manman adoptif ak yon manman byolojik nan ras ou, ekri sèlman pwoblèm sante manman byolojik ou a.
- Pou tout fanmi ou genyen sou lis ou a (ki gen lyen parantay epi ki pa genyen), ekri tout faktè ki gen rapò ak mòdvi ou te dekouvri aprè w te fin pale avèk yo.
- Lè w fini, konsève antesedan medikal fanmi w lan yon kote ki an sekirite pou kapab pataje li avèk pwofesyonèl swen sante w yo, pitit ou yo, ak lòt fanmi yo.

[/msk-tabs]

Sèvi ak enfòmasyon ou te aprann yo lè w pare

Etandone ou konnen antesedan medikal fanmi ou, men sa ou ta dwe fè avèk enfòmasyon sa yo.

- Mande pwofesyonèl swen sante w la pou w fè tès pou detekte pwoblèm sante. Mande pwofesyonèl swen sante w la pou w fè tès jenetik. Li ka konseye w pou fè yon chita pale avèk yon konseye nan zafè jenetik si fanmi yo gen yon pwoblèm sante, tankou kansè.
- Si ou gen kè sote poutèt yon pwoblèm jenetik ki nan fanmi ou, kontakte [Sèvis Jenetik Klinik MSK](#) a nan 646-888-4050. Ou kapab pran yon randevou pou fè tès ak konsiltasyon sou antesedan medikal fanmi ou.
- Pataje antesedan medikal fanmi ou avèk pwofesyonèl swen sante w la ak fanmi w yo.
- Pran abitud ki bon pou lasante tankou manje manje ki konplè, fè egzèsis fizik, ak jere estrès ou.

Pwen kle pou w sonje

- Antesedan medikal fanmi ou enpòtan pou ou menm, pitit ou yo, ak



pwofesyonèl swen sante w la konnen.

- Antesedan medikal fanmi ou kapab di w si ou gen yon faktè risk pou gen yon pwoblèm sante, tankou kansè.
- Faktè ki gen rapò ak mòdvi, kilti, orijin etnik, ak ras se detay enpòtan pou w mete nan antesedan medikal fanmi ou. Faktè sa yo kapab afekte sante ak byennèt fanmi ou.

Pou w jwenn plis resous, ale sou www.mskcc.org/pe pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.

Your Guide to Learning Your Family Health History - Last updated on August 8, 2023

Se Memorial Sloan Kettering Cancer Center ki posede ak rezève tout dwa yo